



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE TWA ANE PWOGRÈ K AP REZOUZ DIFIKILTE ENFRASTRIKTI DLO DEPI LONTAN NAN VIL MOUNT VERNON

Achèvman pwojè egou Third Street la se yon etap enpòtan nan investisman istorik jistis anviwònmanal 150 milyon dola Eta a

Travay konstriksyon an te fini nan Pwogram Pilòt Kay an Sante Mount Vernon pou amelyore enfrastrikti dlo ize andedan kay

Lòt mezi ki ankou pou rezoud pwoblèm dlo ize ak dlo lapli, retire liy sèvis dlo potab ki gen plon

Gouvènè Kathy Hochul selebre jodi a gwo etap ak pwogrè ki ap fèt nan aplikasyon plizyè ane investisman istorik Eta Nouyòk 150 milyon dola a, ansanm ak patenarya ak Vil Mount Vernon ak Konte Westchester pou reponn a enkyetid kominote a depi lontan sou enfrastrikti dlo. Pwosesis finansman ak planifikasyon akselere Eta a te ede fini konstriksyon sou Pwojè Egou Third Street (Third Street Sewer Project) la ki gen anpil enpòtans, ansanm ak Pwogram Pilòt Kay an Sante (Healthy Homes Pilot Program) a. Travay anplis yo ap fèt pou repara enfrastrikti dlo ak ranplase tiyo an plon atravè tout vil la.

"Pwogrè k ap kontinye fèt nan Mount Vernon se yon viktwa enpòtan pou jistis anviwònmanal epi li se yon egzant sa nou kapab reyalize lè gouvènman federal, eta, ak lokal mete tèt yo ansanm pou simonte plizyè dizèn ane neglijans ak mank investisman," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vrèman fyè de patenarya istorik la ak kolaborasyon ant ajans yo ki fè amelyorasyon enfrastrikti sa yo t ap tann pou fèt depi lontan vin posib pandan n ap travay pou yon kominote Mount Vernon ki pi an sekirite ak pi an sante."

Egzekitif Konte Westchester, Ken Jenkins, te deklare, "Jodi a, nou selebre gwo pwogrè k ap fèt nan rezoud pwoblèm enfrastrikti dlo yo ak enkyetid sou jistis anviwònmanal ki egziste depi lontan nan Mount Vernon. Pwojè Egou Third Street la se yon efò kolektif ki enplike plizyè nivo gouvènman, e ki pral mennen, finalman, nan yon kominote ki pi solid ak pi an sante pou rezidan Konte Westchester ki abite Mount Vernon. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan revitalize enfrastrikti dlo

ansyen epi ki pa fonksyone byen ankò, e nou swete kontinye travay ansanm jiskaske pwojè a fini."

Majistra Vil Mount Vernon Ian, Shawyn Patterson-Howard, te deklare, "Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak administrasyon li pou angajman san fay yo anvè Vil Mount Vernon. Envestisman istorik 150 milyon dola —ansanm ak 10 milyon dola pou WQIP, 3 milyon dola pou Pwogram Pilòt Kay An Sante, 2 milyon dola pou Pwogram Ranplasman Liy Sèvis an Plon, ak 3 milyon dola pou Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Vèt—reprézante yon patenarya transfòmasyon ant vil nou an, Konte Westchester ak Eta Nouyòk. Envestisman sa yo ap chanje lavi moun yo epi retabli diyite rezidan nou yo. Reyalizasyon Pwojè Egou Third Street la ak lansman Pwogram Pilòt Kay an Sante a se gwo egzanp sa nou ka reyalize lè gouvènman eta ak lokal travay men nan men pou founi rezilta reyèl. Pandan n ap kontinye travay enpòtan pou repare enfrastrikti ki ansyen epi planifye pou ranplasman konplè tiyo an plon yo, nou rete fèm nan angajman nou pou bati yon Mount Vernon ki pi an sante, pi an sekirite ak pi rezistan—pou jenerasyon sa a ak pwochen an."

Reprezantan George Latimer, te deklare, "Sa a se yon bon nouvèl pou Mount Vernon ak Konte Westchester, e mwen remèsye Gouvènè Hochul pou envestisman enfrastrikti sa a nan kominote nou an. Pwojè sa yo te kapab demare rapidman gras ak yon patenarya inovasyon ant gouvènman Konte, Vil ak Eta, epi nou deja ap wè benefis yo. Rezidan yo merite aksè a dlo potab ki an sekirite ak pwòp, e pwojè sa yo pral kontribiyè anpil nan direksyon pou atenn objektif sa a. Mwen pral kontinye defann envestisman nan enfrastrikti ak amelyorasyon anviwònman nan kominote nou yo, epi travay ansanm ak Gouvènè a ak ofisyèl eta yo nan nouvo wòl mwen pou reponn ak bezwen Distri 16 Nouyòk la.

Premyèman anonse nan avril 2022, [envestisman 150 milyon dola](#) Eta Nouyòk la ak patenarya twa pati avèk Mount Vernon ak Konte Westchester adrese defi dlo ak sante piblik ki te fè vil la soufri pandan plizyè dizèn ane nan amelyore enfrastrikti dlo ansyen ki pa fonksyone.

Patenarya Eta-Konte-Vil inovasyon sa a te enskri nan yon Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) pou akselere pwojè priyorite yo epi dekri wòl, responsablite, ak finansman ki disponib pou efè sa a nan tout vil la. MOU an fòme ofisyèlman patenarya twa pati ki enkli itilizasyon fon pou travay enjeniri, konsepsyon, ak konstriksyon ki lye ak amelyorasyon Pwojè Egou Third Street la.

Komisè Enterim Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) la, Amanda Lefton, te deklare, "Avèk lidèchip Gouvènè Hochul ak ansanm ak patnè nou yo, Mount Vernon, Konte Westchester ak EFC, DEC ap fè avanse solisyon dirab pou adrese inegalite ki dire lontan e li ap bay priyorite a jistis anviwònmanal. "Achèvman pwojè egou Third Street la ak lòt gwo pwogrè nan kominote sa a se yon senbòl angajman Eta a pou asire sante ak sekirite tout Nouyòkè atravè envestisman nan kominote ki defavorize ki souvan twò neglije."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation) la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Pwojè transfòmatè yo n ap selebre jodi a se pa sèlman yon koleksyon reparasyon tanporè." Yo fè pati inisyativ estratejik Gouvènè Hochul lan pou l adrese defi anviwònmantal ki egziste depi lontan atravè tout vil la avèk solisyon ki reyèl e ki dire lontan. Se egzakteman sa EFC te kreye pou li fè — sèvi kòm pon ant bezwen ak aksyon pa bay resous finansye ki esansyèl, espesyalman nan kominote yo pa t janm byen sèvi nan tan lontan. Envestisman 150 milyon dola Eta a pa sèlman ap finanse konstriksyon — li ap retabli diyite, amelyore kalite lavi, epi bati kapasite Mount Vernon bezwen pou l wospere pandan plizyè jenerasyon k ap vini."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Grasa patenarya ant Eta Nouyòk, Konte Westchester, ak vil Mount Vernon, Pwojè Egou Third Street la ak pwogram pilòt Kay an Sante Mount Vernon an ap pwoteje kay, ede amelyore kalite lavi pou plizyè milye rezidan, epi ranfòse enfrastrikti pou tout koridò vil sa a. Atravè pwojè tankou sa yo, nou ap montre kijan envestisman istorik 150 milyon dola Gouvènè Hochul la ap adrese inegalite anviwònman ki te toumante vil la pandan twò lontan."

Komisè Depatman Sante (Department of Health) a, Doktè James McDonald, te deklare, "Sa a se yon gwo reyalizasyon nan domèn sante piblik pou kominote sa a, grasa lidèchip Gouvènè Hochul, ansanm ak kolaborasyon Vil Mount Vernon, Konte Westchester, ak patnè federal nou yo. Depatman Sante a angaje li pou l kontinye elimine disparite sante nan kominote sa a nan idantifye liy sèvis an plon yo, yon eleman esansyèl pou ranplasman yo ak pou sante jeneral rezidan Mount Vernon yo."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Majistra Shawyn Patterson-Howard te mete Pwojè Egou Third Street la ak inisyativ Kay an Sante a kòm yon priyorite, sa ki pèmèt akonplisman etap enpòtan sa yo pou Mount Vernon. Pwojè sa a montre sa ki posib lè tout nivo gouvènman an travay ansanm. Gouvènè a ak Lejislati Eta a mete ansanm pou garanti envestisman istorik nan enfrastrikti dlo eta nou an, lè yo rekonèt dlo pwòp se pa yon privilèj, men yon dwa pou tout moun Nouyòkè yo. Avèk patenarya sa a ki vo 150 milyon dola, ki enkli itilizasyon 9 milyon dola nan fon Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la, nou te pwomèt enfrastrikti ki solid pou reponn a plizyè dizèn ane neglijan. Jodi a n ap akonpli pwomès sa a."

Pwojè Egou Third Street la

Pwojè Third Street la gen ladan li yon nouvo estasyon ponp anba tè, apeprè 400 pye lineyè tiyo egou sou West Third Street, epi yon dèlko ijans. Pwojè a bay yon sèvis dlo ize ki fyab epi li amelyore kalite lavi pou plizyè milye rezidan Mount Vernon ki te afekte akòz liy egou ki te kraze epi ki te neglije pandan lontan. Apre yon pwosesis planifikasyon ak konsepsyon ki te akselere, travay ki fini a pral diminye inondasyon ak retou dlo egou ki te lakoz pwoblèm nan zòn nan depi lontan. Pwojè a asire sèvis dlo ize fyab pou rezidan ki tou pre yo kote anvan sa se ponp tanporè yo ak yon sistèm enpwovize ki enstale nan mitan Third Street la ki te sèvi yo anvan amelyorasyon sa yo.

Gen lòt amelyorasyon nan enfrastrikti atravè vil la ki prevwa pou fèt an plizyè faz sou yon peryòd senk a sèt ane, ki priyorize bezwen enfrastrikti ki pi esansyèl pou vil la.

Inisyativ Kay Sen Mount Vernon lan

Travay konstriksyon an fini pou 24 kay fanmi ki gen revni ba rive modere ki patisipe nan [pwogram pilòt Kay an Sante Mount Vernon an](#). Pwogram 3 milyon dola, ke Biwo Kay ak Kominote Rezistan (Resilient Homes and Communities, RHC) Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la administre, se yon ogmantasyon sou investisman 150 milyon dola eta a epi li ap enstale amelyorasyon rezidansyèl ki gen rapò ak egou nan katye ki gen gwo risk pou gen refoulman dlo ize yo. Pwogram pilòt ki fèk fini an te vize pwopriyete ki te pi souvan afekte ak gen pi gwo risk nan zòn nan. Li ede Nouyòk reyalize objektif li pou konstwi kay rezistan ki adapte ak yon klima k ap chanje pandan l ap priyorize kominote yo te neglije nan tan pase.

Kay yo te apwouve yo te resevwa amelyorasyon sa yo:

- Nouvo aparèy pou prevansyon refoulman egou sanitè;
- Amelyorasyon drenaj dlo ize;
- Nouvo sistèm filtrasyon dlo nan tout kay la;
- Ranplasman jiska de twalèt ki itilize ti kras dlo;
- Netwayaj ak asenisman apre domaj oswa mwazi ki soti nan inondasyon dlo ize; epi
- Lòt asenisman anviwònmantal nan kad danje tankou penti a plon oswa amyant

Reparasyon Kontinyèl Tout Sistèm lan

Pwojè yo te kòmanse imedyatman nan ane 2023, lè yo te itilize 5 milyon dola nan sibvansyon CWIA pou finanse 33 pwojè priyorite pou repare prèske 200 mil egou lapli ak egou sanitè. Anplis de sa, yo te investi 10 milyon dola ki soti nan pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la pou aplike evalyasyon konplè, konsepsyon korektif, ak reparasyon konplè kanalizasyon koleksyon dlo ize ki devèse dlo ize brit yo nan Rivyè Hutchinson. Jiska jodi a, netwayaj 64 km (40 mil) egou ak reparasyon 16 km (10 mil) egou te redui blokaj egou nan vil la a 90 pousan.

EFC te dedye yon lòt 2 milyon dola pou sèvis administratif ki gen ladan sèvis konsiltasyon enjeniri pou akselere travay la. Mount Vernon ak DEC ap antreprann tou yon pwogram jesyon byen ki koute 1 milyon dola pou fè envantè, evalye ak retrase enfrastrikti dlo vil la epi ede kreye yon plan pou finanse ak kenbe enfrastrikti kalite dlo Mount Vernon lan alontèm. Anplis de sa, yon pwojè pou rekonstwi yon estasyon ponp sou Edison Avenue ap avanse.

Pwojè Enfrastrikti Vèt pou Jere Dlo Lapli ak Revitalize Fourth Street Park

Anplis de investisman 150 milyon dola eta a, EFC bay vil la yon sibvansyon 3 milyon dola atravè Pwogram Sibvansyon Inovasyon Vèt la. Pratik enfrastrikti vèt kreyatif ki gen ladan byoretasyon, jaden lapli, ak pave ki pèmèt dlo antre nan tè a ap soulaje

inondasyon nan Fourth Street Park, amelyore bon jan kalite dlo Rivyè Hutchinson, pandan l ap revitalize ak anbeli espas lwazi kominote a.

Ranplasman Liy Sèvis an Plon

DOH ap travay aktivman ak Konsèy Apwovizyonman Dlo Mount Vernon (Mount Vernon Board of Water Supply, MVBWS) lan sou pwojè envantè liy sèvis ki gen plon an. Premye akò finansman sibvansyon 1 milyon dola a avèk EFC te jwenn apwobasyon Mount Vernon nan dat 14 septanm 2022, ak yon lòt sibvansyon 1 milyon dola ki te apwouve nan dat 15 out 2024. MVBWS te kòmanse efò envantè yo lè yo te revize achiv yo ki gen plis pase 12,500 kont dlo. Nan apeprè 12,000 dosye liy sèvis yo revize jiska prezan, apeprè 7,800 endike prezans plon. Anplis revizyon konplè achiv la, MVBWS te lanse efò angajman kominotè an avril 2024 ak enfòmasyon piblik pa lapòs ak kreyasyon yon [sit entènèt pou pwoqram liy sèvis ki gen plon](#), paske kowòdinasyon ak piblik la sou inisyativ sa a enpòtan anpil pou siksè alontèm li.

Angajman Nouyòk pou Kalite Dlo

Eta Nouyòk kontinye ogmante envèstisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk yon lòt 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 la ke Gouvènè Hochul te anonse a, Nouyòk ap envesti yon montan rekò 6 milya dola nan enfrastrikti idwolik depi 2017.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)